

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis bab saméméhna, ieu panalungtikan geus bisa ngadéskripsikeun rumusan masalah anu nyampak, jeung bisa dicindekkeun saperti kieu.

- 1) Naskah *Wawacan Budiman* mangrupa naskah Sunda kuno, sabab katitén waktu penulisan saméméh jaman kamerdékaan atawa awal abad ka-20 nya éta 1911 M atawa 1329 H. Naskah anu kandelna 68 kaca ieu téh, kiwari (taun 2012) umurna kurang leuwih geus 101 taun.

Ieu naskah eusina nyaritakeun ngeunaan kahadéan ahlak jeung ajaran agama (Islam). Dina nganggit ieu wawacan, pangarang méré ngaran tokoh-tokoh nu ngalalakonna tina ngaran sipat-sipat jalma nu hadé jeung goréng, jeung ngagunakeun istilah kaagamaan dina ngaran patempatanna, sarta istilah-istilah séjén tina basa Arab, Kawi, Jawa, jeung Walanda.

*Wawacan Budiman* diwangun ku pupuh nu sakabéhna aya 7 pupuh jeung diwangun ku 265 pada, nya éta: Pangkur 62 pada (23,40%), Dangdanggula 21 pada (7,92%), Durma 47 pada (17,74%), Magatru 23 pada (8,68%), Pucung 51 pada (19,24%), Sinom 40 pada (15,10%), jeung Kinanti 21 pada (7,92%).

- 2) Dina ieu panalungtikan, dipedar tiori-tiori nu dijadikeun tatapakan pikeun nalungtik masalah nu dianalisis, sangkan hasilna bener. Ieu panalungtikan

ngawengku sawatara masalah nu dipedar. Dina struktur diwatesan kana fakta carita anu ngawengku palaku, galur, jeung latar.

Hasil analisis struktur carita *Wawacan Budiman* bisa dicindekeun saperti kieu: tokoh anu jadi palaku dina ieu carita wawacan aya 12 urang anu kabagi kana 2 palaku utama, 4 palaku kadua, jeung 6 palaku tambahan. Galur anu digunakeunna nya éta galur marélé, ti mimiti ngawanohkeun kaayaan musuh, konflik dua nagara, perang, dipungkas ku masrahkeun diri ka nagara séjén. Latar dina ieu carita wawacan aya 30 latar anu kabagi jadi tilu bagian: (1) latar tempat aya 11 (36,67%), (2) latar waktu aya 11 (36,67%) jeung, (3) latar suasana aya 8 (26,66%).

- 3) Kitu deui dina sémiotik, sabada ditalungtik tanda anu kapanggih dina ieu wawacan jumlahna aya 82 tanda anu kabagi jadi tilu:
- a. anu kaasup kana tanda ikon aya 13 (15,85%), ngawengku ikon citra/imaji 7 (53,85%), ikon diagram 2 (15,38%), jeung ikon metafora 4 (30,77%);
  - b. anu kaasup kana tanda indéks aya 24 (29,27%) anu ngawengku lima kritéria nya éta aktualisasi aya 6 (25%), gejala alam aya 3 (12,5%), kalakuan aya 9 (37,5%), gejala fisik aya 5 (20,83%), jeung indéks zat/barang aya 1 (4,17%)
  - c. anu kaasup kana tanda simbol aya 45 jenis (54,88%).

Tina ieu perséntase katitén yén tanda anu panglobana kapanggih nya éta tanda simbol.

- 4) Ieu wawacan ogé dipiharep bisa dipake salasihiji alternatif bahan pangajaran di SMA, nya éta dina aspék maca. Hal éta luyu jeung Standar Kompetensi

jeung Kompetensi Dasar (SKKD) pangajaran Basa jeung Sastra Sunda pikeun SMA, anu salasahijina maca carita buhun.

*Wawacan Budiman* luyu jeung kabutuh siswa SMA dina segi basa jeung sastrana. Tina segi sastrana, ieu eusi carita wawacan téh ngirut parasiswa, utamana dina téma nu mangrupa citraan tina sipat jalma anu nyampak dina kahirupan sapopoé, hirup téh kudu apal kana sara, ngalampahan kahadéan, jeung ulah ngalajur napsu. Sedengkeun tina segi basana, anu nyampak dina eusi carita *Wawacan Budiman* téh bisa kaharti jeung kacangkem ku barudak SMA.

## 5.2 Saran

Tina hasil panalungtikan aya sababaraha saran anu ditepikeun pikeun ngaronjatkeun hasil aprésiasi kana ieu karya sastra, diantaranya:

### 1) Saran ka para panalungtik sastra buhun (wawacan)

Sabada ngalakukeun panalungtikan, tétéla yén sastra buhun (hususna wawacan) loba ngandung ajén anu kawilang hadé tur luhung. Ku kituna, naskah-naskah wawacan anu masih kénéh bacacaran di masarakat kudu ditalungtik jeung dipedar sangkan bisa kabaca jeung kapaham ku generasi kahareupna.

Dina panalungtikan séjénna nu sarua, dipiharep leuwih hadé dina ngalakukeun panalungtikan, leuwih teleb medar ngeunaan ulikan filologi, jeung leuwih maham kana aspék-aspék séjén anu aya patalina jeung ulikan naskah. Ieu panalungtikan masih jauh tina sampurna, kahareupna dipiharep aya lajuning laku

pikeun nyampurnakeun ieu panalungtikan, sangkan leuwih jembar jeung euyeub ku élmu pangaweruh.

2) Saran ka para mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah

Pedaran ngeunaan struktur-sémiotik dina hiji karya sastra (puisi, prosa, drama), alusna para mahasiswa kudu leuwih jembar pangaweruhna, sangkan ulikan struktur-sémiotik dina karya sastra, bisa leuwih paham jeung ngarti kana eusi jeung maksud tanda-tanda anu kudu disurahan.

3) Guru basa Sunda

Guru basa Sunda tangtuna kudu boga pangaweruh ngeunaan sastra buhun hususna wawacan, sarta mindeng méré pangaweruh ka siswa jeung pancén sangkan macaan buku karya-karya sastra, utamana nu aya patalina jeung wawacan atawa carita buhun séjénna.